

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan mangrupa bagian penting dina kagiatana panalungtikan, nyaéta mangrupa tarékah pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun naon masalah nu keur karandapan. Di jerona ngawengku kagiatan ngadéskripsikeun, nyatet, analisis jeung ngainterprétasikeun kaayaan-kaayaan nu keur karandapan (Mardalis, 1989, kc. 26). Lian ti kitu ieu panalungtikan ogé ngagunakeun pamarekan kualitatif, nu mangrupa hiji panalungtikan nu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung sistem pamikiran sacara individual atawa kelompok. Sababaraha déskripsi dipaké pikeun nyangkem prinsip-prinsip jeung pamahaman nu nuduhkeun kana kacindekan (Sukmadinata, 2005, kc. 60).

Galur anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku transliterasi naskah tina aksara Pégon ka Latén, studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, analisis data, jeung satuluyna hasilna dipedar dina eusi panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa hiji rarancang, gambaran, atawa sawangan ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun pikeun hiji panalungtikan. Ieu hal ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc. 22-23) yén désain panalungtikan mangrupa proses anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu panalungtikan miboga désain pikeun tatapakan panalungtik ti mimiti prosés ngumpulkeun data nepi ka ngolah data. Ogé ditétélakeun ku Sukmadinata (2005, kc. 287) yén désain panalungtikan nyaéta hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Gambaran léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun ébréh dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah guguritan wangun pupuh Dangdanggula nu ku panalungtik dijudulan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” kalawan tinimbangan tina ayana kecap tembang dangdanggula nu jadi mamanis dina jero éta guguritan (pada ka-1, padalisan ka-1). Sacara teu langsung pangarang geus némbongkeun judul atawa gurat badag tina eusi guguritan, sanajan teu ditulis kalawan écés dina cover atawa awal tulisanana.

Nu nulis ieu naskah nyaéta Radén Haji Muhamad Soe’eb anu kawéntar ku jenengan Kalipah Apo, lobana aya 186 kaca. Guguritan nu baris ditalungtik nyaéta 15 kaca, ti mimiti kaca 96 nepi ka kaca 110. Ieu guguritan nu jadi bahan panalungtikan lobana 97 pada. Aksara dina naskah nyaéta aksara Pégón, jeung basa nu digunakeun nyaéta basa Sunda.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku sababaraha cara, di antarana nyaéta ngaliwatan téhnik studi pustaka jeung téhnik dokuméntasi. Studi pustaka nyaéta cara pikeun ngumpulkeun bahan panalungtikan mangrupa buku atawa jurnal anu rélevan kana fokus kajian (Satori & Komariah, 2010, kc. 152). Sedengkeun dokuméntasi mangrupa hiji téhnik ngumpulkeun data ku cara ngumpulkeun jeung nganálysis dokumén-dokumén. Bisa mangrupa dokumén tinulis, gambar, atawa éléktronik. Dokumén-dokumén nu dikumpulkeun dipilih nu saluyu jeung tujuan sarta fokus masalahna (Sukmadinata, 2005, kc. 221).

Téhnik studi pustaka dipaké pikeun ngadeudeulan téori nu ngarojong kana panalungtikan sarta kabutuhan référénsi (tiori filologi, guguritan, analisis hermenutik, jeung ajén kaagamaan). Sedengkeun téhnik dokuméntasi dipaké pikeun ngarojong dina prosés maluruh ma’na guguritan jeung ajén kaagamaan dina guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo.

Sacara gurat badag, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) néangan raratan naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo;
- 2) transliterasi naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo tina aksara Pégon kana aksara Latén;
- 3) maluruh ma’na ngaliwatan interprétsasi tina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo; sarta
- 4) nyirian ajén kaagamaan dina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo.

3.3.2. Téhnik Ngolah Data

Sabada ngumpulkeun data, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah téhnik analisis sacara langsung, nyaéta:

- 1) ngadékripsikeun naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo;
- 2) nyusun transliterasi naskah;
- 3) ngadéskripsikeun ma’na atawa interprétsasi tina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo;
- 4) nganalisis ajén kaagamaan dina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun ngarojong sangkan panalungtik bisa nyangking informasi anu diperlukeun. Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikanna leuwih babari jeung bisa nyangking hasil nu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolah. Instrumen anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data pikeun nataan ajén kaagamaan nu aya dina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo dumasar kana hasil transliterasina jeung analisis eusina.

Lian ti éta, instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku Pedoman Ringkas Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pégon (Ruhaliah, 2012, kc. 21-25), Palanggeran Éjahan Basa Sunda (2008), Kamus Basa Sunda (Danadibrata, 2015), jeung Kamus Umum Basa Sunda (LBSS, 1992).

Kartu data miboga pungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nu ngawengku eusi naskah. Tujuanna sangkan leuwih gampang dina nganalisis data sarta nyieun kacindekanna. Kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén saperti gambar ieu di handap.

Tabél 3.1
Kartu Data Analisis Hermeneutik

Kartu Data	
Pada ka-/Kaca naskah/trans. :	
Hasil Interprétasi	:

Keterangan:

Nomer Pada : nomer pada dina naskah hasil transliterasi.

Kaca : kaca dina naskah asli jeung hasil transliterasi.

Tabél 3.2
Kartu Data Ajén Kaagamaan

Kartu Data	
1. Wanda :	
2. Padalisan :	
3. Nomer Pada/Padalisan :	

Keterangan:

1. Data kalimah nyaéta unggara nu miboga ajén kaagamaan dina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo.
2. Nomer Pada/Padalisan nuduhkeun kalimah aya dina pada jeung padalisan ka-.
3. Wanda nyoko kana ajén kaagamaan nu ngawengku akidah, ahlak, jeung syari’ah nurutkeun téori (Afriatien, 1997).